


Sèpantye



Konsiy pou anseyan



Entwodiksyon :

Montre timoun yo liv la, li tit la ak otè a.
Mande timoun yo sou ki sa yo kwè liv la ap pale.



Vokabilè :

Esplike mo enpòtan nan istwa a.

Zwazo : se yon kalite zannimo ki gen zèl. Yo kapab vole ale byen lwen.

Zèl : yon pati nan kò zwazo ki pèmèt yo vole.

Vole : mouvman pou deplase nan lè.



Li :

Li liv la. Pou chak paj, montre timoun yo imaj la, li fraz yo, montre imaj la ankò.



Poze kesyon :

Ki sa ki pase nan istwa a? Rakonte sa ki te pase.
Kòman Lili ak Tilou te santi yo lè yo tande bwi a?
Ki sa ou te renmen nan istwa? Pou ki sa?

Konsiy pou anseyan



Ranfòse :

Ki pati nan kò bèt ki pèmèt yo vole?

Ki sa zwazo gen nan kò yo, nou menm nou pa genyen?

Ki diferans ant jan moun deplase ak jan bèt deplase?

Ki kote Tilou ta vle ale?

Revize son ak lèt: “a” ak “an”

Ekri son/lèt sa yo sou tablo a.

Montre kèk paj liv la, mande timoun yo chèche mo ki gen chak lèt.

Fè yon lis mo ki gen son yo sa yo sou tablo a.

Fè timoun yo li mo yo.



Mo pa kè

Ak, ap, an, se, sou

Ekri mo sa yo sou kat an bristòl dekoupe.

Fè timoun yo li yo vit.




Vwala se te you jou samdi, Lili ak Tilou t ap
pare pou yo soti nan Lakou a.
Zando t ap dòmi nan pye kajou a.



Yo tande yon bwi ki fè: tok tok tok tok.
Lili di: « Genlè gen yon moun k ap
frape nan pòt la. »



Tilou di: «An n al gade!»
Yo soti sou galeri a. Yo pa wè moun.



Yo tande bwi a ankò : tòk tòk tòk tòk.
Yo vire gade pye kajou a. Yon zwazo
t ap frape bèk li nan pye kajou a.



Lili di: « Oo, m pa vle zwazo a frape Zando, non. »



Tilou di: «Ala yon bèl zwazo.
Li gen koulè wouj, nwa, blan.
Epi l ap vole vit sou tout branch yo.»



Zando leve epi li di: « Se vre Sèpantye a bèl.
L ap chèche bwa ki kòmanse pouri yo.
Li manje ti bèt ki nan twou yo.
Li p ap fè m anyen.»




Tilou kòmanse bat bra li, epi sote an lè.
« M ta renmen sote ak vole menm jan ak
sèpantye a. M ta ka keyi zanmann
ak mango byen vit. »



Lili di: « Men nou pa gen zèl.
Nou p ap janm ka vole.»



Lili di: «Nou ka vle amize nou nan dlo.»
Tilou reponn: «E nou ka pran avyon.
Avyon an gen zèl.»



Zando di: « Gen nan zwazo ann Ayiti yo ki soti byen lwen. Yo pa bezwen avyon. Gen 2 kalite sèpantye ou ki sot nan peyi frèt. Yo vin pase sezon fredri ann Ayiti.»



Tilou di: « Ey sèpantye, m ta renmen yon ti woulib pou m al vole an lè byen lwen. »
Sèpantye a di: « Kè kè kè, kè kè w! »

Anseyan yo, gade!

Nou ka enprime yon vèsyon nwa e blan liv sa a pou timoun yo. Men ki jan pou nou fè sa:

Enpresyon



1. Telechaje PDF la ki sou sit nou an: www.lakoukajou.ht
2. Enprime PDF la sou 2 bò yon paj papye 8.5 X 11 (dimansyon lèt)
 - a. *Asire ou enprimant la fè chwa enpresyon dezyèm paj la sou bò kout paj la. Sa trè enpòtan pou paj ti liv la ka soti ann òd.*
 - b. *Si papye ou la pa 8.5” X 11” , chwazi “fit to page” pou enprimant la , ki vle di ajiste pou papye a.*






Pliye epi dekoupe paj la



Pou fè liv la w ap bezwen pliye paj la epi dekoupe li.

1. Mete paj la an pozisyon pou bò kout yo an wo ak an ba, epi bò long yo sou kote dwat ak goch. An fas ou ou dwe ap gade paj 1, 2, 5, 6 ti liv la.
2. Pliye fèy la nan mitan sou longè li. Kounye a ou dwe ap gade kouvèti liv la an wo epi paj 7 an ba
3. Pliye li an 2 ankò nan mitan demi fèy long nan.
4. Vire ti liv la pou w gade kouvèti ti liv la.
5. Dekoupe rebò anba yo pou ou ka vire paj yo.
6. Kounye a ou gen yon ti liv pou elèv ou yo.



Li epi kolorye



Timoun ou yo kapab li ti liv la epi kolorye desen yo. Ankouraje yo pou yo li ak fanmi yo lakay yo.

Sèpantye

NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an LakouKajou.ht pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprimel pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Blue Butterfly

Inspired by Kids. Everywhere
butterfly.org

Lakou Kajou

Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2022 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>